

**ЦАРДÆН Æ ХÆЦЦÆ НИФСГУНÆЙ ÆМДЗО КÆНУН КУ НÆ ФÆРАЗАЙ, УÆД ФÆСТЕГÆЙ БАЙЗАЙДЗÆНÆЙ!..**

***ДЗАНАЙТИ** Иван (1896-1947), финсæг: «Адæм хе лæдæрунгъон ку фæуунцæ, æхсæнадон цардмæ ку бахезунцæ, уæд райдайунцæ уомæ бæллун æма уобæл архайун, цæмæй сæ цард хуарз цæуа, цæмæй сæ гъигæ маке дара. Еци надбæл æрлæугæй сæ къохи ци фефтуйуй, уой кæнгæ фæккæнунцæ, ци нæ фефтуйуй, уомæ ба бæлгæ фæккæнунцæ. Цард гъæбесæйхуæст æй, цард тох æй...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№1 (1018) 2025 анзи 17 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман


## АРФÆ КÆНÆН!



## «СÆРУСТУР ÆМА БОЗ ДИ АН!..»

Нæ фидтæлти зундирахастмæ гæсгæ кадгин æй, бакастæй нæ, фал уоди менеугутæй æхе ка равдесуй, уæхæн федауцæ. Æма еци федауцæй хайгин ка разиннуй, еци адæймаг ба уæлдай цитгинаг фæуй дзилли 'хсæн.

Уæхæн адæймагæй зундгонд æй æнæгъæнæ Иристони дæр **Таболти Иринæ Александри кизгæ**. Уомæ гæсгæ си боз æма арфиаг æнцæ нæ дзиллæ. Уæлдай арфитæ ба ин кæнæн абони æ юбилейи фæдбæл.

Махмæ гæсгæ, Таболти Ирини нæ дзиллæн уæлдай райамонæ-байамонæ кæнун нæ гъæуй. Уотид ин æ ном ку исдзорай, уæддæр æй базондзæнæ, дзубанди ке туххæй цæуй, уайтæккæ зæрдæбæл æрбалæудзæнæнцæ æ телеуинунадон æрмæгутæ – гъудийæй, медесæй, æнкъарæнтæй идзаг репортажтæ. Иристони цæргутæ – ци Хонсари, ци Цæгати – берæ тухстдзийнæдтæ бавзурстонцæ, зиндзийнæдти сæрти хизтæнцæ. Еци-еу рæстæг сæ хæццæ æмдзо кодта, алли тухстаг фарстабæл дæр æнхæст æма гъæугæ дзуапп ка лæвардта, еци номдзуд журналист Таболти Иринæ.

Æгæрон берæ 'нцæ æ хуарздзийнæдтæ, уомæ гæсгæ ба си боз дæр æма сæрустур дæр ан. Æма ин, абони æ райгурæн бони фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнгæй, зæгъæн: «Æнæнез æма зæрдрохс уо, дæ кæстæрти цийнæй цийнæйдзагæй цæрæ, Иристони хуæрзагадæн фæффудæбонæ кодтай, æма дин арфæ кæнæн!..»

***Газет «Дигори» редакций коллектив***

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



## ЛÆВАР МЕДИЦИНОН АГЪАЗ

Уæрæсей разамунди унаффæй 2026 анзи лæвар медицинон агъаз лæвæрд цæудзæнæй инсæй неземæй фулдæр сæйгæ адæмæн. Паддзахадон зæрдæдарæнти программи финст æрцудæнцæ тагъд агъази, фиццаградон специалистти, гъома, бæрзондтехнологон лæвар медицинон агъази хузтæ.

Фари хæццæ рабаргæй, лæвар медицинон агъаз лæвæрд кæмæн цæуй, комкоммæ еци незтæ æма уавæртæ уоййасæ æйййивддзийнæдтæ нæ байиафтонцæ. Уони хæццæ 'нцæ инфекцион æма паразитон незтæ, бауæрбæл æрзайгæ незтæ, эндокринологий, нервити, тоги, тоги зелдохи, бауæри, æстæгутихæцъæфти, цæстити, гъости, уолæфæнти, хуæруйнагтайуни, коми, урсти незтæ.

Лæвар медицинон агъаз кæндзæнæнцæ цæфтæ, тæссаг хуаллагæй фегъæстæ уни, æнгъæлдзау уни, æнгъæлдзаудзийнадæ бауорамуни, сабийтæмæ перинаталон æмгъуди ци уавæртæ фæззиннуй, уони. Хигъди æнцæ хуаллаг хуæруни æма организмæн гъæугæ хуæлци зелдохи фехæлди, иммунон ихæлдтити, хромосомон, психикон гъæуагæдзийнæдти незтæ.

Нæуæг программи фæуурухдæр æнцæ граждæнти алли къуæрттæн лæвар медицинон агъаз кæнуни равналæнтæ. Зæгъæн, æнгъæлдзау силгоймæгтæн ес сувæллон райгуруни размæ циуавæрдæр ихæлдтитæ рабæрæг кæнуни барæ, гъома, кълетки ДНК мади тогæй исбæрæг кæнун.

8



**Нæ рагфидтæлти зундамонæн зæгъдтитæй еу уæхæн æй: «Хуæрзарæхст лæг – адæми хæзна!..» Æма е æцæгæйдæр уотæ 'й, уæлдайдæр ба лæг хуæрзарæхстæй дзиллæн хуæрзгæнæг ку уа, уæдта е ба хæзнати хæзна æй. Хуцауæй боз, æма нæмæ Иристони уæхæн адæймæгутæ минкъий нæййес. Уонæй еу æй Уанити Авдрæхмани фурт Хъазбег. Ка 'й зонуй, етæ нæ хæццæ исарази уодзæнæнцæ, хуарз ракæнун æ удигъæди æй, зæгъгæ, ку зæгъæн, уæд. Беретæ си боз æма арфиаг æнцæ. Хъæбæр арази си ан мах дæр газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив. Еудадзугдæр багъæуаги нæ фарсмæ 'рбалæууй, нæ сагъæссаг фарстати фæдбæл нин фæййагъæз кæнуй, уæлдайдæр ба газет рафинсуни рæстæги. Мæнæ нур дæр бабæй æ райгурæн гъæу Хæзнидони цæргутæн газет 2026 анзи фиццаг æмбесæн рафинсуни туххæй радех кодта æхцай фæрæзнитæ.**

**Уотæ æновудæй ке ауодуй нæ дигорон газетбæл, уомæй си хъæбæр арфиаг ан. Уæлдай зæрдиагæй ба ин арфæ кæнæн æ царди ахсиаг цауи фæдбæл – æрæги ибæл исæнхæст æй цуппаринсæй анзи. Æнæнез æма зæрдрохс нин уо, Хъазбег, Нæ Исфæлдесæг дин дæхе дæр æма дæ хеуæнтти дæр, уæлдайдæр ба дæ кæстæрти хуарздзийнæдтæй хайгин кæнæд!..**

**Уанити Хъазбеги туххæй нæ радзубанди ба кæсетæ 2-3-аг фæрстæбæл.**

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 394 СОМИ ÆМА 38 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 345 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.**

***ТЛАТТАТИ Хох (1880-1932), финсæг: «Махæн нæ царди над æй айдагъдæр кæрæдзей уарзун æма косун, хе фæллойнæй цæрун...» Бæргæ уотæ ку уайдæ, æма еци фарнæхæссæг фæткитæ нæ абониккон цардарæзти ахедгæдæрæй ку æрфедар уиуонцæ – уæд цæйбæрцæбæл зæрдæмæдзæугæдæр уидæ нæ ирисхъæ...***





**1. УАНИТИ Смалий фурт Авдрæхман. 2. УАНИТИ Авдрæхмани бийнойнаг Духури (Тинати кизгæ) æ фурт Хъазбег, æ киндзæ Заири æма уони кæстæртæ Аслан, Æхсарæ æма Сослани хæццæ.**

# «МÆ СÆЙРАГ ФÆДЗÆХСТ: КУСТ УАРЗУН ÆМА АДÆМИ ХÆЦЦÆ ХÆЛАРЗÆРДÆЙ ЦÆРУН!..»

**ХÆМИЦАТИ Морис**

Уанити Хъазбеги хæццæ зонгæ ан нæ хуæрзæригонæй ардæмæ, уомæ гæсгæ ба мин бæрæг-бæлвурдæй зундгонд æнцæ æ цардвæндаги хабæрттæ, æ уодигъæди менеугутæ, æ зундирахаст, æ зæрдихатт... Æма уой туххæй сæрмагондæй æрмæг ниффинсун ку иснет кодтон, уæд мæ радзубанди цæмæй райдайуон, зæгъгæ, расагъæсбасагъæс куд кодтон, уотемæй мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй, номдзуд абхазаг финсæг Фазиль Искандери имисуйнæгтæй мæнæ ауæхæн хабар:

*– ...Мæ сабийдогæй æй гъуди кæнун: нæ тургъи ирæзтæй æригон тута бæласæ, фал адтæй гъæддаг, гагатæ ибæл нæ уидæ. Уæд дин имæ еухатт мæ фидæ бацудæй, гагатæдæттæг тута бæласæй æрлухгонд дууæ къалеуей хæццæ. Æ дзиппæй исиста æ финнаг кард, гъæддаг тута бæласи зæнгæ дууæ раугæнеми фæцъцъæстæ кодта æма еци зихъирти нитъъунста еци къалеутæ. Махæн, сабийтæн ба, зæрдæ байвардта:*

*– Гъенур ба, хуæрдзинайтæ лискъæфтæ!..*

*Мæнмæ æ еци загъд уæд сæнттæ цæгъдуни хузæн фæккастæй. Фал цæйбæрцæбæл æгæрон дестæ æма цийнитæ фæккодтон, раст еци анз гъæддаг тута бæласæ ку байдзаг æй бæзнаг рæзæй.*

*Уæдæй ардæмæ цæйбæрцæ рæстæг рацудæй, æма нур ба гъуди кæнун: нур, зæгъæн, рæзæдæттæг тута бæласæбæл гъæддаг тута бæласи къалеутæ бафтауæ, уæд си ци рауайдзæнæй? Рæзæ нæбал дæтдзæнæй? Уогæ æз еци гъуддаги неци лæдæрун, уæдта, уой фæдбæл мин æнхæст дзуапп ка ратдзæнæй, уотæ ке бафæрсон, уой дæр нæ зонун. Уогæ ми хъæбæр федарæй æруагæс кæнуй, еци рæзæдæттунгъон тута бæласæ нæ банцайдзæнæй æ рæзæ дæттунæй, гъома, цидæр нецæййаг æфтауæнтæ æнæмæнгæ ранхуæрсдзæнæй. Уой хæццæ ба ма уотæ æнгъæл дæн, æма а дуйней уодæгасæй цидæриддæр ес, етæ еугурæй дæр сæ уодти медæгæ хæссунцæ деденæгкалгæ исунмæ цæттæдзийнадæ, æцæг сæ базгули кæнун гъæуй.*

Гъе уотæ, мæ гъудимæ гæсгæ, арæзт æй æрдзæ æма сауæнгæ адæймаг дæр. Æма уодæгасæй цидæриддæр ес, етæ æнгъæлмæ кæсунцæ рæзæдæттунгъон тута бæласи æфтауæнтæмæ, æндæр хузи зæгъгæй ба – Хуарздзийнади æфтауæнмæ. Æма сæ еци æнгъæлмæкæсуйнадæй нæ фæффудевгед унцæ. Уомæн æма Хуцауи исфæлдистади фæрци алли рæстæгути дæр æма алли уавæрти дæр разиннуй, уæхæн хуæрзæфтауæнтæй нæ характеæй ка хайгин кæнуй, уæхæн адæймæгутæ.

Уонæй еу æй Уанити Авдрæхмани фурт Хъазбег дæр. Æ зæрдихатт уæхæн æй, æма сауæнгæ æ хуæрзæригон карæй нуриуæнгæ æ ирисхъи еугур гъуддæгутæй дæр хуæрзæфтауæн кæнуй царди фæррæстмæдæр кæнуйнагæй ци ес, уонæбæл. Мадта, мæнæ Фазиль Искандери загъдау, рæзæдæттæг тута бæласæбæл зæранхæссæг æфтауæнтæ куд нæ ниццæфсдзæнæнцæ, уотæ Хъазбеги уодисконд дæр уотид зинна-нæзинна цъæрæмухст дæр нæ фæккодтонцæ рæстæгути аллихузон æведауцæхæссæг фæззиндтитæ. Еци хуæрзæгъдауæй æма хæларзæрдæй цæуй æ ирисхъи надбæл. Æма ин Нæ Исфæлдесæгæй уой корæн, цæмæй ма берæй-берæдæр рæстæгути æнæнезæй, зæрдрохсæй, нифсхастæй цæунгъон куд уа!..

* * *

Хъазбеги цардвæндаги райдайæн рауадæй, æ доги æ мингай æнгæрттæн куд адтæй, уотæ. Фæцæй каст астæуккаг скъола æ райгурæн Хæзнидони, уоми ахургæнгæй еци-еу рæстæг цудæй синхаг Чиколамæ механизаторти къурситæмæ – техникæ берæ уарзта. Æма уоми, æвæдзи, уоййасæбæл дессагæй неци ес, уомæн æма уæди рæстæгути гъæути механизатортæ уæлдай цитгин адтæнцæ, æма кæстæртæй дæр беретæ сæ царди сæйрагдæр гъуддагæн еци дæсниййадæ равзариуонцæ, кадæртæ ба си исахур кæниуонцæ æма исуиуонцæ инженер-механиктæ. Хъазбег æхуæдæг куд зæгъуй, уотемæй е дæр уомæ бæлдтæй. Скъолай фæсте еуцæйбæрцæдæр рæстæг ракуста трактористæй бунæттон совхоз «Урух»-и, фæстæдæр ба рандæй изолдæр ахур кæнунмæ Алагири гъæди техникуммæ. Уоми ахури гъуддæгутæй уæлдай ма разæнгардæй архайдта аллихузон зæрдæмæдзæугæ æма пайдахæссæг гъуддæгути дæр, уæлдайдæр ба æ хъауритæ равзурста спорти хузти дæр – уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти, архайдта еристи, райсидæ си хуæрзеугутæ дæр.

Фал уæддæр æ зæрдæ дзурдта уæлдæр ахурадæ райсунмæ. Фæсауыонмæ бацудæй Хуæнхаг паддзахадон аграрон университети механикон факультетмæ. Косун ба райдæдта Ирæфи районы заготкъантори. Бакуста си еу-дæс анзей бæрцæ. Æма æ кусти уагæмæ гæсгæ раздæри Советон Цæдеси ци нæ къум басгарста, уæхæн, æвæдзи, нæбал байзадæй. Кустуати разамунд ин æ размæ ци ихæстæ ниввæридæ, уони æнхæст кодта æнæкъулумпийæй, амунд афонæмæ.

Цийфæнди ку уа, уæддæр адæймаг бæллуй, тундзуй парахатдæр, ахедгæдæр гъуддæгутæмæ, уæлдайдæр ба æ хъаурæ, æ зунд æма æ гæнæнтæбæл æ зæрдæ ку фæддаруй, уæд. Æма Хъазбег исаразта фирмæ «Ирафстройтранс», кæци гъæуама аразтайдæ æма цалцæг кодтайдæ нæ республики нæдтæ. Æма цубур рæстæгмæ раргом æнцæ куститæ аразунмæ æма син разамунд дæттунмæ, Хъазбеги рауон-циуондзийнадæ, устур искурдиадæ æма ацъагъуæ.

Фирмæ «Ирафстройтранс» нимад æрцудæй Цæгат Иристони уæхæн кустуæтти 'хсæн раззагдæртæн сæ еуебæл. Сæйрагдæр ба е æй, æма кустадæн æ тæккæ райдайæнæй ба сауæнгæ абони уæнгæ дæр комкоммæ хæдзарадон гъуддæгутæ æнхæст кæнунмæ ци агъазиау æргом æздæхт цæуй, уой æмбæрцæ Хъазбег, куд разамонæг, уотæ ауодуй косгутæбæл, еу усмæ дæр си иронх нæ 'нцæ уони социалон фарстатæ, сæ царди цигъæуагитæ. Æ агъази хай бакæнунмæ некæдма базийнадæ кодта, хъæбæр хуарз зонуй, лæдæруй, абони хумæтæги косгути, адæми цард æнцон ке нæй, берæ сагъæссаг фарстатæ сæ лух кæнун ке гъæуй цубуркъох, æнæхъæртон уогæй, еци хабæрттæ.

Иронх си некæд æй райгурæн Хæзнидон, Ирæфи район. Цалдæр анзей размæ иснæуæг кодта Чиколайæй Лескенмæ асфальтæй над, уой фæдбæл ин берæ арфитæ кæнунцæ сæ цæргутæ, хуæдтолгити хецæуттæ. Бундоронæй цалцæггонд æрцудæнцæ Хæзнидони гъæунгти нæдтæ, ес си электрон цирæгътæ, базилдæнцæ гъæуæй уæлмæрдтæмæ надмæ. Цалдæр анзей размæ Хъазбег балхæдта æма балæвар кодта районы сæйгæдонæн фирмæ «Форд»-и уагъд реанимобиль, æ аргъ æй



**УАНИТИ Авдрæхмани фурттæ (галеуæй рахесæрдæмæ): Хъазбег, Эльбрус æма Ермак (Юрий).**

**Уæрæсей аййевæдти академий академик, Цæгат Иристони адæмон хузæгæнæг Соскъити Бариси фурт Владимирбæл 14 январи исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!**





**Хуæрзгæнæгæн гъæуама аккаг аргъгонд цæуа. Æма æхцæуæн æй, УАНИТИ Хъазбеги арфиаг фæллæнттæ нимади ке 'нцæ. Къарти: нæ республики Парламенти Сæрдар ТУСКЪАТИ Таймораз Уаний-фуртæн аккаг кæнуй цитгингæнæн хуæрзеуæг; цитгин хуæрзеуæг ин лæвæрд цæуй, не 'фсæддонтæн агъаз кæнуни гъуддаги дæр ин берæ ке æнтæсуй, уой фæдбæл.**

цалдæр миллион соми. Æрæги ба рауæлдай кодта фæйнæ 150 мин соми, онкологий незæй ка тухсуй æма Мæскумæ сæхе дзæбæх кæнунмæ цæун ке гъудæй, еци сæйгитæн.

Уанити Авдрæхмани фурт Хъазбег æхе зунд, уоди хъаурæ æма зæрдериси фæрци рацудæй размæ царди æма айдагъ æхе бийнонти, хеуæнтти гъуддæгутæ нæ кæнуй, фал ма æй фæххуæцæн, нифси хуасæ е 'мгъæуккæгтæн, е 'мзæнхонтæн дæр.

Нуртæккæ, зонæн æй, цæуй сæрмагонд æфсæддон операци. Нæ фæсевæди лæгдæртæ, раздæр куд уидæ, уотæ нур дæр æхсаргинæй тох кæнунцæ не 'знæгти нихмæ, гъæуай кæнунцæ нæ Фидибæсти кæстæр фæлтæрти райдзаст исонибон.

Операций архайгутæн дæр æ агъазиау агъази хай бакодта æма кæнуй Хъазбег. Уой фæдбæл ин Уæрæсей æдасдзийнади министр Белоусови номæй лæвæрд æрцудæй сæрмагонд цитгингæнæг майдан, аккаггонд ин æрцудæй Уæрæсей Федераций цæрæнуæттæ æма коммуналон хæдзарадон министради кадгин диплом.

Ес ма имæ æндæр аллихузон хуæрзеугутæ дæр. Уотæ ни федарæй æруагæс кæнуй, æма ма сæбæл никкидæр ке бафтуйдзæнæй никки бæрзонддæр кадæгæнæг нисанеуæгтæ дæр.

Мæнæ раздæр куд загътон, уотемæй Уанити Хъазбеги хæццæ хуæрзæригонæй ардæмæ зонгæ ан, æ цардвæндаги хабæрттæ дæр, мæхемæ гæсгæ, бæрæг-бæлвурдæй мин зундгонд æнцæ, фал уæддæр, аци æрмæг цæттæ кæнгæй, мæ дзæбæх æнгарæ Хъазбегмæ нæ фембæлди рæстæг ма равардтон еуцалдæр фарстай:

**– Дæ æригон кари, фæстæдæр дæр хеуонтæй, гъæуккæгтæй, зонгитæй ке фæнзунмæ бæлдтæ, дæнцæн дин ка адтæй?**

– Морис, ниййерæгæй хъазардæр цæуæтæн неке ес. Уæдта æ ахургæнæг дæр етæ 'нцæ. Æз, уæдта ме 'нсувæртæ Эльбрус, Юрик сауæнгæ нæ сабийбонтæй фæстæмæ дæр син уидтан сæ удуæлдай куст, устур хъиамæт, уæдта адæми хæццæ куд хæларзæрдæй æма цæстуарзонæй цардæнцæ, федар æгъдаубæл хуæст куд адтæнцæ, уой... Æма етæ нæ тоги бацудæнцæ, архайдтан æма архайæн абони дæр сæ фæнзунбæл.

**– Хъæбæрдæр цæмæ бæлдтæ биццеуæй?**

– Инженер-механик исунмæ.

**– Дæ устурдæр сагъæс ци æй аци доги?**

– Далæ еци тугъди хабæрттæ æрсабур уæнтæ – е мæ устурдæр сагъæс. Уæдта, æвæдзи, еунæг мæнæн нæ.

**– Дзæбæх кæстæртæ дин ес, æртæ фурти – Аслан, Æхсарæ, Сослан. Алкедæр си кусти сæргъи æй, уонæн сæхе цæуæт дæр байрæзтæнцæ, фæллæгтæ кæнунцæ, сæ фидтæлтæн зæрдиуагон агъаз кæнун æй сæ бон. Дæу загъд æма дæу фæндæ дæр син сæйрагæй-сæйрагдæртæй ке 'нцæ, е ми федарæй æруагæс кæнуй. Æма син дæ загъд ци фæуууй? Ци син амонис?**

– Куст уарзун, æма адæми хæццæ хæларзæрдæй æма цæстуарзонæй цæрун.

**– Аци дуйнебæл дин хъæздæр бунат ци æй, Хъазбег?**

– Дæумæ ба куд кæсуй, Морис? Гъо, хъæбæр раст мæ балæдæрдтæ – мæ райгурæн Хæзнидон.

Хъазбег уотæ уотид рæсугъд дзубандийæн ке нæ зæгъуй, фал æцæгæйдæр уотæ ке æй, е ба ми æруагæс кæнуй, æ райгурæн гъæубæстæн ци берæ хуæрзти бацудæй, айдагъ уонæмæ гæсгæ дæр. Уони туххæй мæ радзубандий раздæр ку загътон. Æцæг ма сæбæл еу гъуддаг бафтауйнаг дæн. Еу рæстæги мин Хъазбег æ райгурæн Хæзнидони æма цитгин цæргути туххæй хуæрзаййев киунугæ еумæ ку бацæттæ кæнианæ, зæгъгæ, иской кодта.

Бантæстæй нин еци гъуддаг исаразун. Игон кæнуй Хъазбегæн æхе раздзурдæй. Æма си уотæ финсуй:



*– Мæ дзæбæх, мæ хъазар æмгъæуккæгтæ, мæ райгурæн рæсугъд æма намусгин гъæу Хæзнидони цæрæг адæм, фарнæ уæмæ бадзорæд æма нивгунæй цæретæ кæстæрæй-хестæрæй, царди хуарздзийнæдтæй хайгин уотæ!*

*Мæнæ нур уæ къохмæ ци киунугæ райстайтæ, уомæн нæ гъудимæ гæсгæ, æ сæйраг нисанеуæг уодзæнæй айдагъдæр еу. Рæстæг цæуй, æнтæ догъон бæхау тæхунцæ. Нæ хъиамæтгун, æгъдаугин æма курухон хестæртæн сæ фулдæр, гъулæггагæн, федуйунцæ, рандæнцæ се 'носон дуйнемæ. Ци ма рацæудзæнæй, уæдта нæ кæстæртæн, нæ исони фæлтæртæн, Иристони рагондæр гъæутæй сæ еуей раздæри хабæрттæ ка ракæна, евгъуд рæстæгути цаутæ ка радзора, ка æримиса, уæхæн нæбал уодзæнæй. Æримисуйнæгтæ, радзоруйнæгтæ ба – тухуаст берæ. Ци сабур царди догæй, ци тугъди æнзтæй. Уонæй алли усми дæр хæзнидойнæгтæ сæхе æвдистонцæ лæгигъæдгун, хъаурæгин æма нифсгунæй. Куд нæ устур паддзахади иннæ адæмтæ, уотæ Хæзнидони цæргутæ дæр, æхсицгон цаутæ дæр уидтонцæ, фал бавзурстонцæ берæ зинтæ дæр, бахауиуонцæ æцæг лæгæвзарæн хабæртти. Уæддæр сæ нифс некæд сæттидæ, зинтæн тасун нæ кумдтонцæ, æдæрсгæй цудæнцæ размæ, кодтонцæ сæ кæстæрти исони мæтæ, аразтонцæ сæ царди раст нæдтæбæл.*

*Гъема нæ бафæндадтæй уомæ гæсгæ нæ гъæуи туххæй бæлвурддæр радзорун, киунугæ исаразун, цалинмæ бустæги нæма байрæги æй æма ма нин ес, ке бафæрсæн, ка нин радзора раздæри хабæрттæ, уæхæн хестæртæ. Дамугъатæ дони нæ нихъулунцæ, изгæ нæ кæнунцæ, румпæг сæ нæ хуæруй. Цидæр нин бантæстæй аци киунугæмæ бахæссун, етæ байзайдзæнæнцæ берæ-берæ æнзти нæ кæстæртæн, сæ куствæллад æма тугъдвæллад хестæртæ си иронх некæд уодзæнæнцæ, сæ райгурæн гъæу Хæзнидон ба фулдæр уарздзæнæнцæ, кæмидæр уонцæ, уæддæр æй æдзох имисдзæнæнцæ, æ кадæ, æ ном ин бæрзонд хæсдзæнæнцæ…»*

Мæ абони радзубандий кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг дæн, æма нæ Иристони цитгиндæр адæймæгутæй еу, Хæзнидони кадгин цæрæги номхæссæг, фирмæ «Ирафстройтранс»-и сæргълæууæг Уанити Авдрæхмани фурт Хъазбег æрæги ракастæй æ цардвæндаги цуппаринсæй анзей бæрзæндæй. Æма ин нæ зæрдæ зæгъуй æ карни никки уæлиаудæр бæрзæндтæмæ исхезуни равгитæй æй Нæ Исфæлдесæг куд фæххайгин кæна.

Аци бæнтти ин зæрдиагæй ка арфитæ кæнуй, уонæй ба еу æй Цæгат Иристони адæмон финсæг **Скъодтати Эльбрус**. Арфæ ба ин кæнуй сæрмагондæй ниффинст æмдзæвгæй.

## УАНИТИ ХЪАЗБЕГИ ЮБИЛЕЙМÆ

*Дæубæл хумæтæги*
*Нæййес хонхи ном.*
*Хъазбег æцæг лæг æй! –*
*Дзоруй Хæзнидон.*

*Адæн, мади бæрцæ*
*Хе дæр нæ уарзтай.*
*Æгъдау зунди хæццæ*
*Еумæ исбастай.*

*Фидæн æ бундорбæл*
*Хæдзарæ 'скодтай,*
*Уой буни и дорти*
*Æ фарнæ уидтай.*

*Дæумæ æхе къахæй*
*Кадæ нæ цудæй.*
*Фал дæу æнæ махæй*
*Хуæрзтæ нæ гъудæй.*

*Хъийамæт сувæллонæй*
*Нурмæ рахастай.*
*Зинтæн æнагъомæй*
*Бухсун фæразтай.*

*Хуцау сæрæндæртæн*
*Кæнуй хуæрзеуæг.*
*Ду дæ нæ хуæздæртæй,*
*Ду дæ нæхе лæг.*

*Ду нин Хæзни-донау*
*Хæссис царди нифс.*
*Æрмæст фур имонау*
*Дæхе нæ кæнис.*

*Дæуæй æмзæнхонтæ*
*Æнцæ сæрбæрзонд.*
*Хуцау дæ бийнонтæн*
*Дæдтæд цардамонд.*



**УАНИТИ Хъазбегæн уæлдай æхцæуæн æнцæ е 'мгъæуккæгти хæццæ фембæлдтитæ, етæ дæр ибæл хъæбæр зæрдиагæй бацийнæ кæнунцæ…**

*Нæ Исфæлдесæг, нæ Цитгин Хуцау, нæ райгурæн Иристонбæл алкæд-дæр армдарæг æма ауодæг адтæй æма ’й. Æма имæ абони дæр ковæн æма си корæн, цæмæй нæ идарддæр дæр æ рæвдудæй хайгин кæна, агъазгæнæг нин уа, цæмæй нæ уодтæ*

## ЯНВАРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

## ФЕВРАЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | |

## МАРТ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

## АПРЕЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

## МАЙ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

## ИЮНЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | | | | | |



# Ирон къæлиндар 2026

### ТЪÆНДЖЫ МÆЙ (ЯНВАРЬ)

Ногбон – 1 бон – цыппæрæмы
Цыппурс – 7 бон – æртыццæджы
Бынаты æхсæв – 6-7 бон, фæсизæр – æртыццæджы æхсæвы
Æртгæнæнтæ – 10 бон – сабаты райсомæй
Ногбоны æхсæв (зæронд нымадæй) – 13 бон – изæрæй райсоммæ
Ногбон (зæронд нымадæй) – 14 бон – æртыццæджы
Бадæнтæ – 18 бон, фæсизæр – изæрæй райсоммæ
Донæскъæфæнтæ – 19 бон – къуырисæры сæумæрайсомæй
Фацбадæн – 25 бон – хуыцаубоны

### ÆРТХЪИРÆНЫ МÆЙ (ФЕВРАЛЬ)

Нафы бон – 1 бон – хуыцаубоны
Комахсæн (галæргæвдæн хуыцаубон) – 15 бон – хуыцаубоны
Фыды комбæттæны къуыри – 16-22 февралы
Урсы къуыри (цæрвкъахæн) – 23 февралæй мартъимæ

### ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙ (МАРТЪИ)

Стыр комбæттæн – 1 бон – хуыцаубоны
Комдарæны райдайæн – 2 бон – къуырисæры
Аларды – 2 бон – къуырисæры
Хор-хоры бон
(Рæмонбон) – 17 бон – дыццæджы
Рагон ирон Ногбон – 21 бон – сабаты
Лауызгæнæнтæ – 21 бон – сабаты æхсæвы
Чындзыты донмæгæнæн бон – 22 бон – хуыцаубоны
Тутыр – 23 бон – къуырисæры
Астæумархо – 26 бон – цыппæрæмы

### ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ (АПРЕЛЬ)

Къостайы мысæн бон – 1 бон – æртыццæджы
Зазхæссæн – 4 бон – сабаты
Къутугæнæнтæ – 5 бон – хуыцаубоны
Куадзæн – 12 бон – хуыцаубоны
Мæрдты куадзæн – 13 бон – къуырисæры
Хæдзарвæндаджы бон – 15 бон – æртыццæджы
Таранджелос – 16 бон – цыппæрæмы
Урсы дзуар – 19 бон – хуыцаубоны

### ЗÆРДÆВÆРÆНЫ МÆЙ (МАЙ)

Касутæ – 5 бон – дыццæджы
Суаны Уасджеорджи – 6 бон – æртыццæджы
Уæлахизы бон – 9 бон – сабаты
Ирон æвзаджы бæрæгбон – 15 бон – майрæмбоны
Зæлдæвæрæн – 28 бон – цыппæрæмы
Æртæ иууоны – Саниба – Троица – 31 бон – хуыцаубоны

### ХУРХÆТÆНЫ МÆЙ (ИЮНЬ)

Кæрдæгхæссæн – 7 бон – хуыцаубоны
Уæлæмæсыджы Уастырджи æмæ
Мады-Майрæм – 8 бон – къуырисæры
Ломисы Уастырджи – 10 бон – æртыццæджы
Реком – 13 бон – сабаты
Дауджытæ – 14 бон – хуыцаубоны
Дзывгъисы Уастырджи – 16 бон – дыццæджы
Фæлвæра – 21 бон – хуыцаубоны
Цыргъобау – 21 бон – хуыцаубоны
Уацилла – 22 бон – къуырисæры
Ныхасы Уастырджи – 28 бон – хуыцаубоны

### СУСÆНЫ МÆЙ (ИЮЛЬ)

Хетæджы Уастырджи – 5 бон – хуыцаубоны
Дзири-дзуар – 5 бон – хуыцаубоны
Гæлиаты Авд дзуары – 5 бон – хуыцаубоны
Кæхцгæнæнтæ – 12 бон – хуыцаубоны
Фырыдзуар – 13 бон – къуырисæры
Хохы Уастырджи – 15 бон – æртыццæджы
Фæроны дзуар – 18 бон – сабаты
Хуыцауы дзуар – 19 бон – хуыцаубоны
Цыргъы дзуар – 21 бон – дыццæджы
Бызы Сау барæг – 21 бон – дыццæджы
Атынæг – 26 бон – хуыцаубоны
Къобы Уастырджи – 26 бон – хуыцаубоны
Цыргъисæн – 26 бон – хуыцаубоны

### МАЙРÆМЫ МÆЙ (АВГУСТ)

Задæлесчы Нана – 1 бон – сабаты
Беслæны Уастырджи – 2 бон – хуыцаубоны
Дурджын бæрзонды Уастырджи – 9 бон – хуыцаубоны
Ног дзуар – 9 бон – хуыцаубоны
Майрæмы куадзæн – 28 бон – майрæмбоны
Ирыхъæуы дзуæрттæ – 30 бон – хуыцаубоны

### РУХÆНЫ МÆЙ (СЕНТЯБРЬ)

Беслæн. Номарæн бонтæ – 1-3 бонтæ –
Нары дзуар – 2 бон – æртыццæджы
Фæззæджы Аларды – 7 бон – къуырисæры
Фæззæджы Тутыр – 14 бон – къуырисæры
Мыкалгабыр – 17 бон – цыппæрæмы

### КÆФТЫ МÆЙ (ОКТЯБРЬ)

Дзылаты Уастырджи – 4 бон – хуыцаубоны
Ичъына – 11 бон – хуыцаубоны
Дыгургомы Уастырджи – 11 бон – хуыцаубоны
Джеры Уастырджи – 11 бон – хуыцаубоны
Къостайы райгуырæн бон – 15 бон – цыппæрæмы
Хоры сæры куывдтæ – 25 бон – хуыцаубоны

### ЧЫНДЗÆХСÆВТЫ МÆЙ (НОЯБРЬ)

Уастырджимæ кувæн галæргæвдæн хуыцаубон – 15 бон – хуыцаубоны
Уастырджимæ кувæн æхсæв – 16 бон – дыццæгæхсæв
Уастырджимæ кувæн къуыри – 16-22 бонтæ –
Уастырджийыл хи фæдзæхсæн – 22 бон – хуыцаубоны
Уастырджийы фæндарастгæнæн æхсæв – 23 бон – дыццæгæхсæв

### ЦЫППУРСЫ МÆЙ (ДЕКАБРЬ)

Ныккола – 6 бон – хуыцаубоны
Цыппурс (ног нымадæй) – 25 бон – майрæмбоны
Ногбоны æхсæв (ног нымадæй) – 31 бон – цыппæрæмы изæрæй

***Къæлиндар скодта ЦГЪОЙТЫ Хазби***



*кæдзосдзийнадæй, федардзийнадæй æма разæнгарддзийнадæй æнхæст уонцæ. Цæмæй нæ цардиуагæ арфиаг уа!.. Цæмæй нæ Иристон уа кувдтитæ æма киндзæхсæвæрти, рæстзæрдæ фæллойни æма цардгъондзийнади бунат!..*



# Дигорон къæлиндар 2026

| Мæйи бонтæ | Бæрæгбон | Къуæрей медæгæ бæрæгбони: райдайæн | Къуæрей медæгæ бæрæгбони: кæрон | Бунат, рауæн |
|---|---|---|---|---|
| | **ÆНСУРИ МÆЙÆ (январь)** | | | |
| ...1 | Нæуæг анзи фиццаг бон | Цуппæрæнизæри | Цуппæрæни | Хæдзæртти, кустуæтти |
| 7 | Киристей райгурдæ | Æртиккæги | Æртиккæги | Аргъауæнти, хæдзæртти |
| 6-7 | Бундортæ | Æртиккæгæхсæви | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| 9 | Æртхорон (Артæмбæрзæн) | Майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти, Къорай, Уорсдони |
| 13-14 | Басилтæ | Æртиккæгизæри | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| 13-14 | Нæуæг анз (зæронд нимадæй) | Æртиккæгæхсæви | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| 15-16 | Согæвæрæн майрæнæхсæвæ | Майрæнæхсæви | Майрæнбони | Устур-Дигори зилди гъæути |
| 17-18 | Фонсиуарæн Фæлвæра | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 18-19 | Бадæнтæ | Авдисæризæри | Авдисæри | Хæдзæртти |
| 24... | Дигори изæд | Фæстаг хуцауæхсæви | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Задæлески |
| 24... | Зиниатæ (Уацелла) | Фæстаг сабати (сæумæ) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Хæнæзи |
| 24... | Зиниатæ (Гъæуизæд) | Фæстаг сабати (рæфти) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Дунти |
| | Фацбадæн: | | | |
| 24... | – Хуцау; Идауæг | Фæстаг сабати (изæрæй) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| 26-27 | – Уасгерги | Геуæргибонæхсæви | Геуæргибони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| 29 | Цæуæн цуппæрæн | Цуппæрæни (сæумæцъæхæй) | Цуппæрæни | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| | **КОМАХСÆН (февраль)** | | | |
| 1 | Сæризæд (Сæризæди бæмпæгæвæрæн хуцауæхсæвæ) | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| 15 | Комахсæн | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 16-22 | Цæрвкъахæнтæ (уорсæгти къуæре) | Авдисæри | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 20 | Ораза (комбæттæн) | Майрæнбони | Майрæнбони (20-аг мартъий) | Хæдзæртти |
| 23 | Комбæттæн (кирист.) | Авдисæри | Хуцаубони (12-аг апърели) | Аргъауæнти, хæдзæртти |
| 26-28 | Балдæрауз (зумæги кæрони уазал бонтæ) | Цуппæрæни | Сабати | Хæдзæртти |
| | **КÆРДÆГÆЗМÆЛÆН (март)** | | | |
| 1-3 | Балдæрауз (зумæг улдзæгæй æртæ бони æфстау ракурдта) | Хуцаубони | Геуæргибони | Хæдзæртти |
| 8 | Силгоймæгти бæрæгбон | Хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти, кустуæтти |
| 20 | Ораза (Комуадзæн) | Майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти |
| | **ХУМИДАЙÆН (апрель)** | | | |
| 2 | Хумидайæн (фиццаг) | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигоргоми ниллæг æвæрд гъæути |
| 6 | Тотуртæ фустæ зад ку фæуунцæ, уæд) | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти, уотæртти |
| 9 | Хумидайæн (дуккаг) | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигоргоми бæрзонд æвæрд гъæути |
| 12 | Пасхæ | Комуадзæн, Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 18 | Назутæ | Сабатизæри | Сабати | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| 19 | Бæлдæрæн (Арви гъæрæй æрдзæ райгъал уй. Арв æма зæнхæ кæрæдзей бауарзунцæ) | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 25 | Касутæ (Нæуæг киндзи донмæ рахунд) | Фæстаг сабати | Сабати | Хæдзæртти, дони цори |
| | **ХАНСИ МÆЙÆ (май)** | | | |
| 4 | Алаурди | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти |
| 9 | Уæлахези бон | Сабати | Сабати | Хæдзæртти, æхсæнæдти |
| 11 | Никкола (Гулуй кувд) | 2-аг авдисæри | Авдисæри | Лезгори ковæндони |
| 17 | Устур Хуцауи кувд | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Задæлески ковæндони |
| 17 | Хуцауи дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хъармани ковæндони |
| 21-23 | Зæлдæвæрæн (Зæлдгæрдæн) | Цуппæрæни кенæ сабати | Цуппæрæни кенæ сабати | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| 26-28 | Хъурмантæ | Геуæргибони | Цуппæрæни | Хæдзæртти |
| | **АМИСТОЛ (ХОРХÆТÆН) (июнь)** | | | |
| 7 | Кæрдæгхæссæн | Хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| 21 | Багъайти дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти ковæндони |
| 21 | Уасгерги | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Дзинагъай ковæндони |
| 21 | Хуцаузæнгæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти ковæндони |
| 27 | Тухуæстæг | Фæстаг сабати | Сабати | Хъалнæгъти ковæндони (Тъæпæн Дигори гъæути) |
| 27 | Циргъесæн | Фæстаг сабати | Сабати | Донифарс, Къумбултæ, Устур-Дигорæ æма æнд. |

## ИЮЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

## АВГУСТ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

## СЕНТЯБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | | | | |

## ОКТЯБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

## НОЯБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | | | | | | |

## ДЕКАБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |



***Саади ШИРАЗИ (1210-1292), персайнаг поэт: «Армæй тухгин ун æма кардæй карз арæхсун лæгдзийнадæ нæй. Лæгдзийнадæ æй, хебæлхуæцгæ æма рæстзæрдæ ку уай, уæд е... А зæнхæбæл хуарзæнхитæй цидæриддæр ес, уонæй æносонæй байзайуй айдагъдæр хуарз ном...»***



# БÆХ ÆМА АДÆЙМАГ



***Абони идарддæр мухур кæнæн Устур Фидибæстон тугъди архайæг, нæ республики бæхтæдаруйнади къабазæ райаразгутæй еу, Хъулати Буцкой фурт Валодий (1915-1988) финст уац. Финст æрцудæй евгъуд æноси кæрони, цидæртæ си, æвæдзи, фæббæлвурддæркæнуйнаг æнцæ, фал си уæддæр неци раййивтан – е нæ истори æй, æма си ци куд адтæй, уотемæй æй гъæуама зонæн. Аци æрмæги фиццаг хай ба кæсетæ нæ газети 2025 анзи 49-аг номери.***

Колхозти разамонгутæ бадзурдмæ гæсгæ æрбаластонцæ хуасæ (еу æфсæн – тоннæ) æма дæргъæй-дæргъæмæ бæрзонд рагъ фæззиндтæй сарамæ хæстæг. Уогæ адтæй цæлхдортæ дæр кедæрти ’рдигæй, æма еумæйаг бæхæргъау æрбунæттон кæнунбæл хъазауатонæй архайгути багъудæй берæ хед ракалун, цæмæй гъуддаг гъæугæ хузи арæзт æрцудайдæ, уобæл. Мах дæр, гъома, зоотехникти, дзæвгарæ æнæгъæуаги «æхсилкъитæн» ниббухсун багъудæй. Фал, цидæр адтæй, уæддæр фермæ райдæдта косун – нæ гъезæмæрттæ нæ фæдздзæгъæли ’нцæ. Мартъий æфситæ зайун райдæдтонцæ. Уæдмæ син цæттæгонд æрцудæй бунат. Уоми син алкæддæр дардтонцæ арф листæн сор кæдзос гъæмпæй, сæ кæвдæсти ба – хуасæн æ хуæздæрæй.

## ЗÆРДРОХС АДТАН, ÆМЗУНД-ÆМВÆНДÆЙ ФÆЛЛОЙНÆ КОДТАН...

Мартъий кæрони еумæйаг бæхæргъаумæ Паддзахадон бæхдонæй æрбакодтонцæ æхсæз кæсгон æма дууæ араббаг урси. Æргъаугæстæн æнæгъæнæ анзи дæргъи еци рæстæгæй агъаззагдæр æма зиндæр нæййес: цалинмæ урс æ æфсити бали медæгæ кæрæдзей хæццæ балимæн уонцæ æма кæрæдземæй мабал хецæн кæнонцæ, уобæл рацæуй дууæ къуæрей бæрцæ. Æма еци рæстæг æргъаугæс гъæуама алкæддæр саргъи бæхбæл гæппæрвонгæй бада. Фал урситæ сæ «бийнонтæбæл» ку исæновуд унцæ, уæд æргъауи еугур балтæмæ цæстæ дарнунæн еу æргъаугæс дæр фагæ фæууй. Уомæн æма алли æфсити балæн дæр урсæн æхецæй хуæздæр æргъаугæс зин исерæн æй. Е æ къуарæй раледзун неке бауадздзæнæй, сирд ку фæззинна, уæд æ «бийнонти» уайтæккæдæр рамбурд кæндзæнæй, багъæуай сæ кæндзæнæй. Маргæ дæр ракæнуй берæгъи æ сæфтæгутæй, æ дæндæгутæй. Урсмæ дон ниуазун ку æрцæуй, уæд æ хеуæнтти рамбурд кæнуй æма сæ раскъæруй донмæ. Æхуæдæг ку баниуазуй, уæд бангъæлмæ кæсуй цалинмæ сæ еугур дæр бафсæдонцæ, уæдмæ. Уæдта сæ фæстæмæ хезнæмæ æрбаскъæруй. Æз мæхе цæститæй еу æма дууæ хатти нæ фæууидтон мæнæ уæхæн нивæ: æфс зайуй, урс æ рази гæси хузæн лæууй. Уалинмæ æ æфсити бал хезгæ-хезгæй рапурх æй, райидард æй. Урс уой ку рауидта, уæд сæ æрбатумбул кæнунмæ фæннæхстæр æй. Фæууидтон, байраги ка рæвдауй, уæхæн урситæ дæр… Нæййес нимæдзæ бæхи дессаги хуарз менеугутæн.

Аци еумæйаг фермæ мах (Плещевенко, Синяпкин æма æз) ахид бæрæг кодтан æма зæрдрохс адтан, алли гъæути минæвæрттæ си куд зæрдиагæй, куд хæларæй фæллойнæ кодтонцæ, уомæй. Зумæг хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ рарвистонцæ, еунæг бæх дæр си нæ фæгъгъудæй. Агъазиаудæр фæстеуæг рабæрæг æй 1948 анзи уалдзæги: дæс æма æхсæзинсæйемæ хæстæг деденгути хузæн тæмæнтæкалгæ байраги!..

Раздæр ма кодтон Зæронд Бæтæхъой Фидарати бæхæргъауи кой. Арæхъи рæгътæ ке хонунцæ, етæ, мæн æрдигонау, æнцæ æрдзи лæвар сæрмагондæй бæхæргъæуттæ дарунæн. Æма уоми рагæй дардтонцæ бæхæргъæуттæ. Хастонцæ си саргъи бæхтæ, уаргъи бæхтæ, уæрдуни бæхтæ. Уæхæн бæхтæ хуарз адтæнцæ æфсадæн дæр: уæхæнттæбæл бадтæнцæ, Дзæрæхохти Хаджи-Мурат эскадрони командирæй кæми адтæй, еци «Гъæддаг дивизи»-й дæр.

## САБИХИ ÆМА Е ‘МГУСТГÆНГУТИ ФÆЛЛÆНТТÆ ФÆРРÆСТМÆ ‘НЦÆ

Заманхъули ма, колхоз исаразуни рæстæги си ци бæхтæ байзадæй, уонæн сæ хуæздæртæй рацæргæ лæг Хъусати Сабих æртумбул кодта æргъау. 1937 анзи æз Цæгат Иристони АССР-и зæнхкусти адæмон комиссарадон зоотехникæй кустон æма уæд базонгæ дæн Сабихи хæццæ дæр æма е ’ргъауи хæццæ дæр. Уæди рæстæгути Сурх Æфсадæн алли анз лæвардта 20-30 саргъгин бæхи.

Заманхъули фæсевæдæй берæ сахъигурдтæ цудæнцæ службæ кæнунмæ бæхгин æфсадмæ. Е хумæтæги нæ адтæй: коллективизаций размæ, зæгъун æнгъезуй, алли хæдзари дæр адтæй хуарз саргъгин бæх æма биццеутæ гъомбæл кодтонцæ саргъгин бæхбæл бадгæй. Еци биццеутæй адтæнцæ Дзусати Мæхæмæти фурттæ Ибрагим (фæстæдæр иссæй номдзуд тæхæг, инæлар æма Советон Цæдеси Бæгъатæр) æма Хаджимурзæ, бæхтæбæл бадгæй аллихузон гъæзтити айдагъ Иристони нæ, фал еугур Кавкази еристи дæр фиццаг бунæттæ ка ахæста, етæ…

Устур Фидибæстон тугъди дзамани немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ 1942 анзи Цæгат Иристони зæнхæмæ ку æрбайервазтæнцæ, сауæнгæ уæди уæнгæ Сабих е ’ргъауи хуæздæр æфситæй багъæуай кодта сæдæмæ хæстæг. Нур знæгти фæззиндмæ гæсгæ тæссаг уавæрти ба ’й æхе хузæн зæронд æмбæлтти хæццæ багъудæй никки устурдæр лæгдзийнадæ равдесун. Æргъаугæстæн равардтонцæ гæрзтæ… Цубур дзурдæй, сæхе исцæттæ кодтонцæ тæссаг балцимæ – хъазар бæхтæ фæййервæзун кæнунмæ. Уæдта Сабих е ’мбæлттæй еуей хæццæ байагурдта æма иссирдта хуæнхти (Иристони æма Мæхъæли) арæнтæбæл – хъæбæр зин бацæуæн кумæ адтæй, еу уæхæн æрдозæ. Сæ бæхти æргъау кумæ раскъæрунмæ гъавтонцæ, уой æгириддæр некæмæн исгъæр кодтонцæ, уотемæй «фæццидæр æнцæ». Сабих æма е ’мбæлттæ дзаумауæй, тохæнгарзæй, хуайрагæй ци гъудæй, уони сæ хæццæ фæлластонцæ. Сæ еци сосæгдзийнадæ лæдæрд адтæй, фал уæддæр разиндтæй, æргъау, дан, немуци амæттаг фæцæй, зæгъгæ, дамдумтæ ка дзæнгæда кодта, уæхæн таусгæнгутæ дæр.

Айдагъдæр 1943 анзи рагуалдзæги, раст цума зæнхи скъудæй февзурдæнцæ, уотæ фæззиндтæнцæ Сабих æма е ’мбæлттæ се ’ргъауи хæццæ.

Æз Сабихи бабæрæг кодтон 1947 анзи майи. Баййафтон æй æфсити балтæй еуей рази: фудхузтæ, рацæргæ, фал хуæрзконд æма иуонгрæуæг лæг фæлорс курæт æма нимæтходи федар æма гурведауцæй бадтæй сурх бæхбæл. Бæхæй æрхизтæй æма кæрæдзей нихъхъури кодтан. Уалдзæги кæрдæгæй æфсес бæхтæ сæ фари фест калд фæцæнцæ. Майи гъар уарунтæ сæ хуарз ниртадтонцæ. Ци ма уайдæ уонæмæ кæсунæй хуæздæр! Еу-æртæанздзуд æфси рази Сабих æрлæудтæй, æ цæстингас фæррайдзаст æй, уотемæй цийнæйдзагæй ку зæгъидæ:

– Бакæсай уартæ уомæ, – киндздзон кизги хузæн нæй?

Раст еци сахат æ даргъ бæрзæй къæлæти хузæн ракодта, уотемæй сæппæй æрбахæстæг æй саубæрцæ урс (гареми «сах») æма нæмæ хуррутгæнгæ дзангъирæй кæсуй.

– Куд нæ ’й, Сабих, фал «коруйнаг кизгæ» нур нæуæг киндзæй рагæпп кодта, æма мæмæ æ сæрихецау æ рази футтитæ кæнуй.

Рохсаг уæд, Сабих. Минкъий нæ фæццардæй. Фал мæнмæ уæддæр уотæ кæсуй: 50-аг æнзти æргъау кунæггæнгæ ке рацудæй, бæхмæ уазал цæстæй кæсун ке райдæдтонцæ, еци цаутæ ин фæццубурдæр кодтонцæ æ царди бæнттæ.

А фæстаг æнзти еу æма дууæ хатти нæ дзурдтон лæгæй-лæгмæ Заманхъули разамонгути хæццæ, уæдта газетти фæрстæбæл дæр æма радиойæй дæр, нæуæгæй райрæзун кæнетæ разагъди хуæрзмуггаг æфсити æргъау, зæгъгæ. Еци гъуддаги фæййагъаз кæнунмæ цæттæ ’нцæ Беслæни гъæуи завод æма Паддзахадон бæхдонæ. Æнæмæнгæ разиннидæ Заманхъули, уæхæн фермæ бадзурди бундорбæл æхемæ аренди ка райса, уæхæн бийнонтæ, амалгъонти къуар.

...Паддзахадон бæхдонæ, зæгъæн ес, нур дæс æма инсæй анземæй фулдæр æй зин уавæрти. Е æй, нæ республики хецауадæ бæх иронхуати ке фæууагътонцæ, уой фуд. Куд гъæуама бухсæн идарддæр: нæ синхæгтæ Кæсæг-Балхъармæ бæхтæ инсæй минемæй фулдæр ес, махмæ ба – æдеугурæй цуппар мини!

## БЕСЛÆНИ БÆХТÆДАРÆН ЗАВОД БÆРГÆ ИСАРАЗТОНЦÆ, ФАЛ...

Рагæй ардæмæ Беслæни хорискæсæни ’рдигæй агъазиау фæзи догъуат адтæй. Кæддæр си догъи æгъдæуттæ хуарз зонгутæ æма догъаразгутæ готонæй æртæ версти зеллаг æрханхæ кодтонцæ. Уой фæсте æй анзæй-анзмæ еудадзуг нæуæг кодтонцæ. Ами устур бæрæгбæнтти берæ дзиллæ æрæмбурд уиуонцæ алфамбулай гъæутæй æма догъ догъи фæдбæл æскъардтонцæ. Сæ нисан ба адтæй, мæнгæ дуйнейæй ка рахецæн æй, уони ном иссерун: мæрдгинтæ догъи архайгутæн лæварæн æрæвæриуонцæ марди есбонæй алцитæ: саргъи бæх, саргъ æд идонæ, нимæт, хъæма æд ронæ, цохъа æма курæт, цулухътæ кенæ сæракæй хуæдбун зæнгæйттæ.

Уотæ мæмæ кæсуй, æма аци æгъдау иснæуæг кæнун гъæуй. Хиститæ æма циртитæбæл æгæр берæ фæрæзнитæ харз кæнуни бæсти марди номбæл догъ уадзун берæ аййевдæр нæй?

Нæ республики бæхдаруйнади къабази разамонæг Тускъати Александри хæццæ 1947 анзи нæ хецауадæмæ фæндæ баха-



**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Хъозонти Давиди фурт Сардиони райгурдбæл 14 январи исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1911-1994).**

***Номдзуд немуцаг философ Артур ШОПЕНГАУЭР (1788-1860) куд финста, уотемæй: «Цæрæгойти ирисхъæбæл ке зæрдæ ресуй, е æнæмæнгæ хæларзæрдæ 'й. Æгъатир миутæ син ка кæнуй, уомæн ба хæларзæрдæ уæн неци хузи ес...» Аци загъдмæ гæсгæ ни алкедæр ку расагъæс кæнидæ, ка ни ци зæрдихатт даруй нæ алфамбулай ка 'й, еци цæрæгойтæмæ...***

стан хуæрзмуггаг бæхти завод исаразуни тухæй. Еци гъуддаги фæдбæл Цæгат Иристони хецауади курдиадæбæл Мæскуй исарази 'нцæ, æма завод Ацалухъи æрбунат кодта. Мæн уордæмæ æрвистонцæ зоотехникæй. Фæндгæ мæ бæргæ кодта, фал нæ исарази дæн, – æргомæй син загътон: директорæй ке исниснисан кодтонцæ, уой хæццæ мæ бон неци исаразун бауодзæнæй, зæгъгæ…

Номдзуд æфсæддон æма паддзахадон архайæг С.М. Буденный 1951 анзи (уæди Советон Цæдеси гъæуугон хæдзаради министри хуæдæййевæг бæхдаруни гъуддаги) рагуалдзæги исцудæй заводмæ. Æз еци рæстæг Мæскуй Еугурцæдесон бæхкусти наукон-æртасæн институти аспирант адтæн æма мин, Буденныйи хæццæ Ацалухъи ка адтæй ме 'мбæлттæй, е радзурдта: бæхтæ баййафтан æнæзилдæй, хæдзарадæ – æдзæллагæй… Буденный мæстæй цæхæртæ калдта. Директор ба хатир ракоруни бæсти лигъстæ кæнунбæл исхуæстæй: «Семен Михайлович, может позавтракайте?» Буденный бустæги исмæстгун æй, директори 'рдæмæ æ устур æнгулдзæй амонгæй, гъæрæй загъта: «Уберите этого негодяя. Завод закрыть!..»

Раст цума мæхе фудæй æрцудæй аци хабар, уотæ къæндзæстугæй имæ игъустон. Ходуйнаг æнæгъæнæ Иристонæн! Директори ном умæн нæ зæгъун, æма уомæй фулдæр фудгин адтæнцæ, еци бунати æй ка ниввардта, етæ. Уотемæй фæффудевгед ан нæ еци замманай кустуатæй – бæхти фиццаг заводæй.

## АДТÆЙ НÆ АДТÆЙ, УÆДДÆР НИН НÆ ФÆНДИ РÆСТАДÆ БАЛÆДÆРДТÆНЦÆ

Айдагъдæр ма нин æ номер байзадæй… Æма фараст анзи фенгъæлмæ кастæй бæхти нæуæг заводмæ. Еци номер –8– æвæрд æй нури Беслæйнаг кæдзостог бæхти заводбæл. Фæндзайæймаг æнзти дууинсæй урси фагæ бæхдонæ исаразтонцæ, ци догъуати кой ракодтон, еци зеллаги æмбауæр хорискæсæн æрдигæй. 1958 анзи догъуати исаразтонцæ гъæдин бадæнтæ (трибунитæ) æртæ мин адæймаги фагæ. Уонæн се 'хсæн ба дууæуæлæдзугон бæстихай æмбæрзт трибуни хæццæ – кадгин иуазгутæн. Æ фарсмæ – догъон тæрхонгæнгутæн халагъодæ. Еу дзурдæй, фæззиндтæй нæмæ æцæг догъуат – ипподром. Устур надæй ипподроммæ – дзæбæх над, æ фæрсти «æвзестæ» гæдибæлæсти аллейитæ. Уонæбæл уæлдай хъазауатæй байархайдтонцæ Тускъати Александр æма Дзалати Хъазбег беслæйнæгти хæццæ. Тускъай-фурт абони, гъулæггагæн, нæ 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд. Æ фæсмæрдæ цалдæр хатти бахастон фæндæ: еци аллейæн æнгъезуй Тускъати Александри ном раттун. Фал, æ еци арфиаг гъуддаг кæмæй аразгæй, уони нæма райевдалдæй.

Цæмæдесæн байзадæй Иристони уæхæн загъд: кадæр, дан, æнæ галæй кæвдæстæ бидта. Раст уотæ рауадæй мах гъуддаг дæр: догъуат æрæвдзæ кодтан, догъон бæхтæ нæмæ бустæги ку искунæг æнцæ, уæд. Еци уавæрбæл уæззау гъудити æфтуйунцæ, бæхбæл уæлдай æновуд ка адтæй, æма ма нерæнгæ дæр æй, етæ. Фæззиндтæй бæлдæ: гъæуама Иристонмæ уа хумæтæги догъон бæхтæ нæ, фал зæнхи цъарæбæл тæккæ уайагæдæр ка 'й, еци англисаг кæдзостог бæхти муггаг! Еци бæлдæ багъардта уæйди Цæгат Иристони разамундмæ дæр æма



разæнгардæй февналдтонцæ бæхкустади дæснити фæндæ царди рауадзунбæл.

Уотæ рауадæй æма 1959 анзи райдайæнæй æз кустон еугурцæдесон бæхкустади наукон-æртасæн институти (ВНИИК-и) Мæскуй. Еци анзи уалдзæги мæмæ уордæмæ æрбацудæй Тускъати Тимофейи фурт Александр. Е уæд Советон Цæдеси хецауадæмæ бадæттунмæ æрласта Цæгат Иристони хецауади курдиадæ, гъæугæ гæгъæдити хæццæ. Еумæ бацудан уæйди гъæуугон хæдзаради министради бæхкустади хайади сæргълæууæг Петр Прохорович Парышевмæ – уомæй райдайуйнаг адтæй гъуддаг. Е куддæр гæгъæдитæмæ 'ркастæй, уотæ æцæуæнæй курдиадæ рацæттæ кодта министрмæ æма си нæхе рази æ къох æрæвæрдта. Парышевæй устур арфиагæй байзадан. 1960 анзи фæззæги (10 сентябри) Советон Цæдеси Министрти Совети унафæмæ гæсгæ арæзт æрцудæй «Беслæйнаг Паддзахадон кæдзостог бæхдарæн 8-аг завод». Нуртæккæ Иристони аци хæдзарадæй кадгиндæр гъæуугонхæдзарадон кустуат, æвæдзи, нæ разиндзæнæй. Е 'скъуæлхтдзийнæдтæй сæрустур фæуæн, æ къулумпитæ ба нæ къæндзæстуг фæккæнунцæ. Завод зундгонд æй сауæнгæ фæсарæнти дæр: Германийæй, Италийæй æма æндæр паддзахæдтæй ес хуæрзеугутæ бæхти заводæн.

Дæс æма инсæй анзи æнхæст кæнуй аци анз заводбæл. Хе равдесунæн е минкъий рæстæг нæй. Фал иннæ бæхдарæн заводи хæццæ рабаргæй берæ дæр нæй. Воронежи губерний граф Алексей Орлов байгон кодта зæнхи цъарæбæл устурдæр æма зундгонддæр бæхдарæн завод 1776 анзи. Уоми бæхдæнттæ, зæгъæн, фæд-фæди сæ æрæвæрæ, уæд сæ дæргъæ адтæй æртæ верстемæй фулдæр! Æрæмбурд си кодта æртæ минемæ хæстæг хуæрзмуггаг æфситæ. Уонæй берæ фелхæдта Турки, Англиси, Голландий, Франций, Испаний æма æндæр европаг паддзахæдти, уомæй ба тæккæ хъазардæртæ. Зæгъæн, Турки ке балхæдта, уони хæццæ адтæй арабаг урс Сметанкæ. Уобæл Орлов бафиста æвзестæ æхцайæй 60 мин соми æма 'й уордигæй Воронежмæ æрбакодтонцæ 100 гæрзефтонг хъазахъаги.

Еци заводи Орловæн æхе амундмæ гæсгæ æ цагъайрæгтæ рауагътонцæ дууæ хъæбæр хуарз бæхи муггаги, зæнхи цъарæбæл сæ ном кæмæн райгъустæй, еци саргъибæхти æма сæппой бæхти муггæгтæ (орловская верховая, орловская рысистая). Орлови сæппой уайæг бæхтæ нæудæсæймаг æноси æмбесмæ æнæгъæнæ Уæрæсей уотæ фæххæлеу æнцæ, æма нуртæккæ дæр минкъийдæр нæ ахедунцæ. Орлов уартæ кæд æма кæд ци завод искодта 214 анзей размæ, е нур дæр ма цардгъон æй.

Англисаг кæдзостог догъонти заводтæй дæр нæ Цæдеси ес, æ 150 анзей бæрæгбон ка рарвиста, уæхæнттæ.

## НÆ ДОГЪОНТÆ - ДУЙНЕЙ ЕУГУРЕМÆЙ ХУÆЗДÆРТÆ ИССÆНЦÆ...

Ци заводти кой ракодтон, уони хæццæ рабаргæй Беслæни завод нерæнгæ «сувæллон» æй. Райдайæни бал Тускъати Александр æма Дзалати Хъазбег (заводи байгонæй сæйраг зоотехник, уæдта аст анзей дæргъи ба æ директор) еугай-дугайæй фембурд кодтонцæ дæс æма инсæй æфси. Æ хуæздæрти ка дæттуй, фал уæддæр цалдæр хуарз æфси цæстуарзонæй балæвар кодтонцæ Кæсæги завод (æ уæйди директор æрæдойнаг Саламти Дзаккей фурт Аврам) æма кубайнаг номдзуд завод «Восход» (æ уæйди директор Вениамин Вениамини фурт Иванов).

Советон Цæдеси бæхти муггаг хуæрзгъæдæдæр кæнуни гъуддаги æнтæстгинæй ка бафæллойнæ кодта, уонæн сæ тæккæ зингæдæртæ 'нцæ Саламти Аврам æма Вениамин Иванов. Æма мæ фæндуй, аци дууæ цитгийнаг лæгей цардвæндаги хабæртти хæццæ уæ уæддæр цубурæй базонгæ кæнун.

Аврам, æ фиди æнсувæри фурт Самсони амунд æнхæст кæнгæй, е 'ригон æнзтæй æ рамæлæти бони уæнгæ (1913-1988) æ цард исбаста англисаг догъон бæхтæ хæссуни гъуддаги хæццæ. 1937 анзи каст фæцæй Пятигорски бæхкустади институт. Уой фæсте адтæй Ессентуки кæдзостог бæхти заводи æма Пятигорски ипподроми зоотехник. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг тугъдон архæйдтитæ аци рауæнтæмæ ку 'рбахъæрттæнцæ, уæд зæронд тренер Хестанти Алексейи фурт Тасолтани хæццæ ипподроми ци кæдзостог догъонтæ адтæй, уони сæ разæй ратардтонцæ æма сæ Арвикомбæл Гурдзий балæууун кодтонцæ… Фæййервæзун сæ кодтонцæ, аргъ кæмæн нæ адтæй, еци бæхти. Уой тухæй син лæвæрд æрцудæй паддзахадон хуæрзеугутæ.

Фæстæдæр кæдзостог бæхти муггаги заводти (Ессентуки æма Кæсæги) хъæбæр берæ рацудæй Аврами къохтæй номдзуд догъонтæ. Берæ æнзти дæргъи нæ Цæдеси ипподромти тæккæ кадгиндæр хуæрзеугутæ æмбурд кæнунцæ, Аврам Англисæй ци урс (Афис Вуд) æрбакодта, уой цæуæт æма цæуæти цæуæт… Англиси, Ирландий, Италий зундгонддæр бæхдаргутæн Аврам адтæй сæ хуарз лимæн… 1988 анзи фæззæги Пятигорски ипподроми Аврами кадæн, финддæс æма æртинсæй анзи ибæл ке исæнхæст æй, уой фæдбæл устур догъ рауагътонцæ. Уой фæсте, гъулæггагæн, берæ нæбал рацардæй. Фал æй нæ ирон къохтонцæ – æ рохс ном иссерунæн ин Пятигорски бабæй рауагътонцæ догъ. Рохсаг уо, Аврам. Дæ кадæ муггагмæ 'й цæруйнаг, дæ цардвæндаг ба кæстæртæн – фæнзуйнаг.

Вениамин Ивановбæл æрæги исæнхæст æй цуппаринсæй анзи. Уонæй, зæгъæн ес, се 'ртæ цуппæрæймаг хаййæй фулдæр уодуæлдайæй косуй нæ Цæдеси бæхдарунади гъуддæгутæбæл. Дууинсæй анзей бæрцæ фæккуста хуæрзмуггаг бæхти заводи директорæй – фулдæр Казахстани, уой фæсте ба нæ Цæдеси номдзуддæр догъонти завод «Восход»-и. Казахстани завод «Луговской»-и Иванови къохти ци сау залонхуз ахалтекаг урс рагъомбæл æй – Абсент, уой Еугурцæдесон гъæуугонхæдзарадон равдисти 1957 анзи еци фидтæлтиккон муггæгæн чемпионбæл нимад æрцудæй.

Не 'мзæнхон болкъон Уаниати Газакки фурт Елбиздихъо еци рæстæг Советон Цæдеси бæхгинти спорти еумæйаг къуари сæргълæууæг адтæй. Æма бæхбæл аййев бадти спортæн Абсент æ къохи цæмæй бафтуйа, уобæл тох исамадта. Нæ ин æй лæвардтонцæ – муггагæн гъудæй. Фал С.М. Буденныйи агъазæй æ къохи бафтудæй. Æма 'й æ цæстæ нæ фæссайдта Елбиздихъой: 1960 анзи Роми Олимпаг гъæзтити саурæсугъд Абсентбæл бадгæй Сергей Филатов иссæй чемпион. Цуппар анзей фæсте ба Токиой дæр Филатов æма Абсент рамулдтонцæ Олимпаг майдан. Уæд бæхгинти спортæн тæрхонгæнгутæ Абсенти исхудтонцæ «Дуйней еугуремæй хуæздæр саргъи бæх».

## ХУАРЗ ГЪУДДАГ ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ ЦАРДГЪОН КУ УА...

Уæлдай устурдæр хуæрзти бацудæй Иванов догъонти завод «Восход»-æн разамунд дæтгæй. Еци кустуати намуси кой 60-аг æнзти райгъустæй Нигулæн Европæбæл, бахизтæй океани сæрти Америкæмæ. Арви гъæри хузæн игъустæй фондз анзей дæргъи (1963-1967) саубарцæ сурх догъон Анилини ном: айдагъ фæсарæнти ипподроми (Германий Федеративон Республики, Франций, Америки Еугонд Штатти рамулдта миллиони 'рдæгмæ хæстæг долларæй. Уæрæсей догъонтæ еумæ райсæгæй еугур дзаманти уойбæрцæ не 'рæмбурд кодтонцæ фæсарæнти. Еци гъуддаги мæн е 'мгустгæнæг ке хонуй, уомæй æз сæрустур дæн.

Беслæни заводи тренерæй куста нæ Цæдеси раздæри зундгонд бæхгин (мастер-жокей) æма тренер (мастер-тренер) Дзалати Максим. Е устур агъаз фæцæй нæуæгигурд заводи байрæгтæ догъмæ цæттæ кæнуни федар æгъдау æма фæткæ исæвæруни гъуддаги. Фал, мæгур, берæ нæбал рацардæй. Беслæни уæлмæрдти берæ адæми 'хсæн æ цирти уæлгъос мæтъæлæй лæудтæй, ами ма ци догъонтæ исхæссун бафтудæй æ къохи, уонæй еу. Хуцау хуарз æма Максим æ бæлдæ, æ дæснийадæ, æ фарнæ уæлæбæл ниууагъта: лæгæй-лæгмæ сæ балæвар кодта догъуарзгути цалдæр фæлтæремæн æма æ зæрдæргъæвд фурт Хъазбегæн.

**Уæрæсей æма Цæгат Иристони адæмон артист, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Бæцæзати Азмадийи фурт Юрийи райгурдбæл 18 январи æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1941-2024).**

• *Запал бы в душу, но сижу в печенках.*

☺ ☺ ☺

• *Увы, не смог сдержать слово... Когда обжегся об утюг.*

• *Лишь указательные пальцы растут у шефа на руках.*

☺ ☺ ☺

• *Жизнь в минусе?.. Перечеркни – будь в плюсе.*

• *О вас неплохо отозвалось эхо.*

☺ ☺ ☺

• *Не жди пока наступит счастье, сам наступи в него скорей...*




# «БАЙГОН КÆНÆ КИУНУГÆ – АХУРИ УАТИ ДУАР...»

Нæ адæми уодварни цардгъондзийнадæн хуæрзгæнæг гъуддаги сæрбæлтау рæстуодæй ка хъазауат кæнуй, уонæй еу æй Скъодтати Бариси фурт Эльбрус – литературон-аййевадон æма æхсæнадон-политикон журнал «Ирæф»-и сæйраг редактор, Цæгат Иристони адæмон финсæг, Уæрæсей Федераций фингсути æма журналистти Цæдести иуонг, Уæрæсей Федераций фингсути Цæдеси секретарь, Национ преми «Нарти фæткъу»-й лауреат, Александр Твардовскийи номбæл тугъдон-историон æма тугъдон-патриотон литератури Еугурадæмон премий лауреат, Еугурадæмон фестиваль «Золотой витязь»-и сугъзæрийнæ дипломæй хуарзæнхæгонд… Аци еугур хабæрттæ уомæ гæсгæ ранимадтан, цæмæй бæлвурд-бæрæг уа, Скъодтай-фуртæн ци берæ-берæ хуарздзийнæдтæ бантæстæй нæ национ культури райрæзт гъомусдæр кæнунбæл гъуддæгути. Етæ сæ еугур дæр æнцæ лæмбунæг æрдзубандий аккаг, фал абони ба уой зæгъуйнаг ан, æма Скъодтай-фурт уодуæлдайæй ке фæллойнæ кæнуй, цæмæй нæ маддæлон æвзаг зæрдтагонæй уа нæ кæстæртæн, æновуд ибæл уонцæ, уобæл. Зæгъæн, бацæттæ кодта æма мухури рацудæй æ киунугæ «Уодигага». Аци киунугæн æ алæмæтдзийнадæ уомæй æй, æма цæмæдесаг иссæй куд кæстæртæн, уотæ хестæр кари киунугæкæсгутæн дæр. Уой уотид рæсугъд дзубандийæн нæ зæгъæн – киунугæ куддæр рацудæй мухури, уотæ ибæл адæм уайтæккædæр рахæлæф кодтонцæ, æма ’й нур, æвæдзи, балхæнунмæ некæмибал иссердзæнæ.

Киунугæ арæзт æй дууæ сæйраг хаййемæй. Фиццаг хаййи бакæсæн ес авторæн æхе поэтикон уадзевдзитæ: æмдзæвгитæ, бацеу-бацеутæ æма зартæ. Дуккаг хаййи ба ’нцæ: тæлмацтæ, æмдзæвгитæ, бацеу-бацеутæ æма зартæ.

«Уодигага» æ исаразæг ци раздзурдæй байгон кодта, уоми уотæ финсуй:

«Аци поэтикон æмбурдгонд исбæззуниау æй, сауæнгæ рæвдауæндони кари сувæллæнттæн, скъолай райдайæн кълæсти ахурдзаутæн, уæдта дигорон æвзаг æма литературæ ка ахур кæна, еци астæуккаг æма хестæр кълæсти скъоладзаутæн, куд уæлæнхасæн ахури æрмæг, уотæ. Уомæ гæсгæ си, скъолатæн ахурадон киунугутæ ка араза, еци автортæ сæхецæн иссеруниау æнцæ гъæугæ æрмæг. Никки ба ма «Уодигага»-й, лæмбунæг имæ æркæсгæй, æрæстæфæн ес комкоммæ авторæн æхе финст кенæ тæлмацгонд уадзевдзитæ хецæн предметтæн: математикæ, фалæнбулай дуйне, хузæкæнуйнади аййевадæ, музыкæ æма æндæртæ.

Зæгъæн, райдайæн кълæсти математики киунугутæ аразгутæн си ес æнгулдзитæй гъæзтитæбæл æма нимайуни æмдзæвгитæ: музыки ахургæнæн киунугутæн – нотитæбæл, музыкалон инструменттæбæл æмдзæвгитæ, зарти дзурдтæ; фалæмбулай дуйней ахургæнæн киунугæн – æрдзæбæл, Фидибæстæбæл æмдзæвгитæ æма æндæртæ. Хузæкæнуйнади аййевадæ, дигорон æвзаг æма литератури ахургæнæн киунугутæ аразгути бон дæр æй киунугæ «Уодигага»-й испайда кæнун, кæд си сæ домæнтæн дзуапп ка дæтта, уæхæн æрмæг иссеронцæ, уæд.

Уæддæр, киунуги сæйрагдæр бунат ахæссунцæ, ести нисан исæнхæст кæнуни туххæй финст ка не ’рцудæй, фал æррæстæ сæхе гъæди райгурæг лирикон уадзевдзитæ, æмбурдгондæн æ фиццаг хаййи ка ’й, етæ. Уомæ гæсгæ, аци æмбурдгонд сærмагондæй айдагъ сувæллæнтти, кенæ ба – комкоммæ айдагъ хестæр кари кæсгути нæ ’й.

«Уодигага»-й дуккаг хаййи, тæлмацти, стъалути нисантæй бæрæггонд уадзевдзитæ ’нцæ уруссаг поэзи æма адæмон исфæлдистадæй тæлмацгонд. Ци рауæнтæй ист æнцæ оригиналтæ, уонæми сæ еугурей авторти нæмттæ бæрæг нæ ’нцæ, æма сæ уомæ гæсгæ нæ бавдистан.

«Уодигага»-й ес зундгонд уруссаг зарти тæлмацтæ цæттæ музыки аккагæй. Е æй ахсиаг гъуддаг. Музыки ахургæнæги бон уодзæнæй пианино, фæндур кенæ ба æндæр музыкалон инструменттæй цæгъдгæй, сувæллæнттæн сæхе маддæлон æвзагбæл зарун уони. Е устур агъаз уодзæнæй кæстæртæн, цæмæй се ’взаг сæ тоги, сæ сæризунди æма бауæри æрфедар уа, æрбундорон уа æма ’й макæдбал феронх уонцæ сæ федæни царди. Нæ зæрди ма адтæй рæвдауæндони æма кæстæр кълæсти сувæллæнттæн зарти дзурдтæ нотити хæццæ раттун, фал нин, гъулæггагæн, нæ бантæстæй.

Мах архайдтан, цæмæй ескæд аци цубур уадзимисти фæрци сабийтæн сæхердигон, хумæтæг, æнцонлæдæрæн æвзагбæл лæвæрд æрцæуонцæ фалæмбулай æрдзи зонундзийнæдтæ, фалæмбулай дуйней поэтикон сорæт.

Гъазти хузи син амунд цæуй математикæ, хузæкæнуйнади аййевадæ, музыкæ. Уотемæй сувæллæнттæ цæмæдес кæнунцæ сæ фалæмбулай дардмæ. Киунуги аллихузон æрмæг син сæ зæрдити гъæуама райгурун кæна рæсугъд æнкъарæнтæ, маддæлон æвзагмæ уарзондзийнадæ, ирæзун син кæна сæ логикон гъудикæнуйнадæ, циргъзунддзийнадæ, разæнгард сæ кæна ахурмæ, райдзаст син кæна сæ «минкъий» æма сугъдæг уодтæ.

Киунугæ «Уодигага»-й рæвдауæндætти гъомбæлгæнгутæ æма райдайæн скъолай ахургæнгутæ гъæуама иссеронцæ гъæугæ æрмæг, цæмæй сабийтæ ахур кæнонцæ: сæ нийиергутæн кадæ кæнунбæл, æрдзæ уарзунбæл, æнгарæбæл æновуд унбæл, кæстæрæн æма æнæхъаурæн агъаз кæнунбæл...»

Киунугæ «Уодигага»-й фæззинд, уойбæрцæбæл æхцæуæн иссæй адæмæн, æма уайтæккæдæр фæххæлеу æй, нуртæккæ ин исамалгæнæн дæр нæййес. Адæм ба ’й агорунцæ, фæндуй сæ цæмæй сæ кæстæртæн уа. Уомæ гæсгæ ба, зундгонд рауагъдадæ «Респект» исаразта арфиаг гъуддаг æма еци киунуги бундорбæл рауагъта хецæн киунугæ. Кæд æма «Уодигага» еу агъазиау киунугæ адтæй, уæд нур ба «Респект»-и хъæппæресæй еци киунуги хецæн хæйттæ рауагъта хецæн киунугутæй, уой дæр уæхæн хузи, цæмæй киунугæкæсгутæн, уæлдайдæр ба кæстæртæн, æнцондæр уонцæ кæсунæн.

Махмæ гæсгæ, рауагъдадæ «Респект»-и хъæппæрес хъæбæр арфиаг æй. Æма нæ зæрдæ дарæн, сæ рауагъд киунугутæ адæми зæрдæмæ ке фæццæуйдзæнæнцæ, сæхецæн дæр æма сæ кæстæртæн дæр бакæсунмæ æхцæуæн ке уодзæнæнцæ, уобæл.

**Киунугутæ балхæнун æнгъезуй тукан «Лæвæрттæ. Киунугутæ»-йи Дзæуæгигъæуи Маркуси гъæунгæ, 41.**













## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ

### ЛÆВАР МЕДИЦИНОН АГЪАЗ

1

18 анзæй 40 анзей уæнгæ граждæнтæн сæ бон æй лæвар тоги липопротеидü (а) æмвæзадæ исбæрæг кæнун. 18 анземæй 39 анзи уæнгæ сæйгитæн сæ бон уодзæнæй еу хатт æхсæз анземæ липидон профиль исбæрæг кæнун, уомæй хестæр ка ’й, уонæн лæвар уæхæн анализ кæндзæнæнцæ æртæ анзи еу хатт.

Бæрæггонд æрцудæй диспансеризаций бæрцæ, силгоймагæй-нæлгоймагæй цæуæт кæнуни фадуæттæ. Гъæуама силгоймæгтæ æма нæлгоймæгтæ уонцæ 35 процентти, сæ карæ – 18 анземæй 49 анзи уæнгæ. Цæуæт кæнуни фадуæттæ æвзаргæй силгоймæгтæн кæндзæнæнцæ сæрмагонд анализтæ, гъома, папилломи вирус бæрæг кæндзæнæнцæ. Æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади фæрæзнитæ еу адæймагæн 2026 анзи æнцæ 23 мин соми, бюджети фæрци ба – 5,4 мин соми. Аци анз Æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади программæ фæппарахатдæр æй, сæрмагонд медицинон, бæрзондтехнологон агъази фæрци. Раки кæцидæр хузтæн фитодинамикон терапи кæнуни, цæстити незтæн операцитæ кæнуни, кардиовертера-дефибрилятор байиевуни, незгун ургтæ байиевуни туххæй.

Фиццаг хатт исбæрæг æнцæ медицинон агъаз кæнунæн æма каргун адæмæн пневмококки инфекцити нихмæ вакцинацийæн финансон фæрæзнитæ, уомæй уæлдай – незтæ рартасуни нæуæг равналæнтæн, зæгъæн, нийиерæги тогæй игуруни кълетки ДНК исбæрæг кæнун.

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 394 СОМИ ÆМА 38 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 345 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **530.** Заказ **№ 56.** Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 16.01.2026. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 16.01.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**